

HASIL REKAMAN SILATURRAHMI DENGAN SAUDARA, KERABAT,
SAHABAT TERDEKAT BAPAK DR. (HC). KH. E. Z. MUTTAQIEN
DI TEMPAT KELAHIRANNYA KAMPUNG RAWA KALIEUNG
Singaparna – Tasikmalaya Senin, 30 Maret 2009

ISI KASET I, SIDE A & B:

1. *Sambutan Pak Omo Kampung Rawa (Saudaranya Bapak KH. E.Z. Muttaqien)*

Assalamu'alaikum Wr. Wb.

SOSOK ULAMA YANG LEMBUT BAHASANA – RAOS SARTA KAHLAKOS

Mangga urang sasarengan manjatkeun puji sinareng syukur ka Allah Swt., rehing dina ieu saat urang dipasihan kasempatan kanggo kariung serta di tepangkeun sareng wargi urang sadayana.

Panginten da Ibuna teh Cep Adang, nyebatna alo ka abdi teh, malih sok kieu cenah, ari ti Rawa teh nu datang ka Bandung teh mung alo-aloi deui – margi aya kaperyogian pannya – kaperyogian buka kenceleng tea Cep...ula...olo..nya kitu tea lah sareng anu sanesna.

Nya alhamdulillah dina dinten ieu ditepangkeun sareng wargi, atuh teras sakantenan penginten ditepangkeun, tur wilujeng sumping ka bapa-bapa ti Unisba, da seur wargi oge di ditu teh di Unisba, kanten putra Ibu Dewi maha sababaraha hiji anu kuliah na di Unisba teh. Mung ka luaran (lulusan) ti Unisba teh janten icalan – janten padagang – eta we Ending ti jurusan da duka naon nya da teuteurang, nya ayeuna mah teuras icalan buka toko besi. Atuh Udin mah kanten, ti jurusan Syari'ah di Unisba na teh, eta mah bade sidang pisang. Janten ayena mah anjenna buka (icalan) Paping Blok ngadamel na teh anu ayeuna aya di Sukamiskin Bandung.

Nya Alhamdulillah sanes, hatur nuhun sarta mudah-mudahan pamaksadan aranjeunna Cep Adang sareng ieu anu ti Unisba, tinakanan sarta anu bade dipayunkeun patarosan ka urang sadaya, nya eta anu patali perkawis ieu panulisan buku outo biografi na nya eta pun Emang KH. E.Z. Muttaqien (almarhum). Mudah-mudahan anjenna – mantenna di tampi iman Islam na, dihapunten sanes kanten sagala rupi dosa na, oge sanes kanten di tampi amal soleh na. Amiin.

Saleresna pun Emang KH. E.Z. Muttaqien teh, tikapungkur, sanes bae berjuang nanjurkeun bebeneran ti Allah, ngalangkungan partai, ngalangkungan naon bae, ah...sagala... rupi tiasa naon kitu, ku anjenna mah tiasa dijantenkeun media ku anjenna mah. Ku anjenna di angge kanggo negakkeun Syari'at Islam, atanapi litu lah...papagon-papagon ti Allah Swt.

Malah ku sim kuring oge karaos Cepnya, waktos harita basa pun biang (ibuna pun bojo) abdi mah panginten mertua, sareng pun bojo di opname (dirawat) na teh di Rumah Sakit Adven Bandung. Di ruang rawat di gedung tingkat I pun buang (mertua), ari anu di rawat di ruang gedung tingkat II pun bojo. Ari kitu anu di rawat di gedung tingkat I teh pupus pun biang teh. Abdi teh kedah kumaha nya atuh keur ngadugikeun nana nya ka pun bojo kitu, sok sieun...maklum nya anjeunna nuju udur deui, katurug ibu na pupus. Nya abdi teh nepangan weh ka Jalan Adipati Kertabumi, nyumpingan pun Emang KH. E.Z. Muttaqien, alahamduillah sareng emang abdi teh dongkap deui ka ditu ka Rumah Sakit Adven teh kitu. Alhamdulillah nya pun bojo

oge teu aya sawios-wios, da Emang mah lembut bahasana – raos sarta kahartos. Ieu teh sanes muji pedah dipayneun – dipayneun putrana, ampun paralun ieu mah margi karaos pisan ku sim abdi Cep. Keleresan Emang mah kitu – kieu na boh kanu alit – kanu ageung teh sami wae kitu mayunan nana teh heunteu tumpa-tumpa kitu.

Panginteun sakitu wae, penginteun nyanggakeun ka Cep Adang kanggo neriskeun nana mah. Sakitu wae wassalamu’alaikum wr. wb.

2. Sambutan H. Adang M.T. (Putrana Bapak KH. E.Z. Muttaqien)

Assalamu’alaikum wr. wb.

Para wargi sadayana nyuhunkeun dihapunteun, wirehn a dina dinten kamis kaping 26 Maret kamari rencanana mah bade ka dieu ka kampung Rawa seueuran – pun biang – pun lancek – pun adi, sadayana bade ka darararie, mung aya sesuatu nu teu tiasa dikantunkeun, janten dinten minggon tadina mah kamari, teras kaleresan mung tiasana dina dinten ieu senen kaping 30 Maret nya disarengan ku kang Hawe, kang Engkos, kang Herman sasaerangan ti Unisba miyah abdi. Dina rencana bade ngadamel Buku outo Biografi, ya...a.. Biografi na pun Bapa.

Upami ayeuna pun Bapa rupina mah dina yuswa 85 tahun, da upami teu leupatmah pun Bapa teh lahir tahun 25 – 1925. Janten umpami masih aya panginteun di usia 85 tahun nya? - 84 tahun penginteun da April enjing teh 84 tahun muhun, margi dina kaping 4, sasih 7 lahirna teh. Abdi oge di Unisba keleresan, kahoyong mah ngadamel Buku Biografi anu tiasa ka ngaos ku sadayana. Anu ngariwayatkeun silsilah pun Bapa, ti ngawitan nuju alit na – dugi ka remaja na – ti remaja dugi ka pemuda na – ti pemuda teras dugi ka ageng na pun Bapa.

Tah ieu anu bade janten editorna kang Hawe setiawan, anu biasa mantenna di Pikiran Rakyat – di PR, pamaksadan bade ningal gituh tah suasana kalahiran pun Bapa, oge anu bade ngupingkeun sagala rupi keterangan-keterangan ti urang dieu, anu kantos uninga perkawis ka pun Bapa.

Janten dina danget ieu urang ngobrol sareng urang sadayana didieu saayana – anu kauninga we lah, margi bade di rekam, teras kumaha pun kaayaan atanapi perkawis pun Bapa teh nuju alit kitu tah lah – ti alit keneh nuju ti yuswa resep ameng dugi ka teras ka pasantren, teras terakhir kamana pasantren na, sapertor kantos masantren di Gunung Puyuh di Sukabumi....muhan.

Teras tidinya pun Bapa lebet ka popolitikan – politik henteu kantos sukses – lebet kana pendidikan, ti pendidikan teras kan dakwah, teras duka kadieu-kadieu na mah kitu tah.

Tah rupina mah tiasa dikawitan ti Wa Omo wae nya – ngadongeng heula – kumaha-kumahana pun Bapak nuju alit, kapungkur kitu tah, mangga wa....

3. Ceritanya Wa Omo, ti Kampung Rawa

DAPAT ISTRI SAUDARA KHEZ MUTTAQIEN DAN SOSOK ULAMA YANG LEMBUT BAHASANA – RAOS SARTA KAHARTOS (di sambutan)

Punten abdi teh – abdi teh ti Tasik Cep, abdi mah urang Tasik – ngawitan ka dieu teh dina tahun 1964, tepang sareng nu herang-herang...tuh pun bojo, malih tepang na oge di dieu di Majid ieu, abdi teh waktos harita kaleresan kapasihan janten

MC..naha aya anu buleud-buleud di pengkeureun teh...ari sing horeng nya eta wargina pun Emang Bapak KH. E.Z. Muttaqien ti Bandung. Janten abdi mah ti tahun 64 ka dieu na teh, panginten parantos kirang langkung tos 40 tahun abdi ngumbara kampung rawa teh.

Janten abdi ngawitan kenal, kitu nya atanapi sering silaturrahmi sareng pun Emang Bapak KH. E.Z. Muttaqien teh tos nikah ka pun bojo dina tahun 65, terang teh abdi ka Emang...tos di Unisba emang teh panginten...janten Rektor Emang teh..terang teh kitu nya.

4. Ceritanya Bapak Aon, ti Kampung Rawa (sahabat pa Muttaqien waktu kecil)

TOKOH YANG TERUS MENERUS BERJUANG UNTUK ISLAM

Ka saudara Adang putrana Pa Muttaqien, oge miwah ka para saderek sadayana anu aya dina kempelan ieu. Ieu abdi teh aya rasa...rasa isin, sumangem di payunen jalmi anu ya lah, dunungan ti kapungkur oge kitu lah.

Aya anu nyangemkeun, aya anu naros...ari ente sareng Pa Muttaqien teh babaturan? Laila ha ilallah...sanes deui bawe janten babaturan, dikatakan sebagai bujang na boleh, ya dikatakan sebagai pelayan kitu lah, dikatakan naon nya pengantar tineung, pangantar ludeung, malah diantawisna aya rerencangan nana nyaeta namina teh tos rohimakumullah jenengan nana Mayor Mu'in, asreng abdi minangka pangantar tineung mantenna di mana aya ka peryogian ka mana bae.

Tah kumargi...ke eta mah nya wangkongan anu di luar sejarah eta mah.

Ari sajarah na Pa Muttaqien mah....mangga urang cobian sakaterang abdi...mung hapunteun perkawis tahun na ulah ditaroskeun – hilap ari taun na mah – maklum lain ahli sajarah sanes...ngan ku teran we Pa Muttaqien teh kitu-kitu...waktu harita kitu-kitu, tah perkawis taun na mah hapunteun tong ditaroskeun.

Kieu saudara Adang... Kapungkur nuju aya di lembur, nuju masih keneh – rupina dina yuswa muda belia – nuju marulangkalih keneh kitu lah. Anu katinggal ku Mang Aon, anjeuna na teh neuraskeun tapak lacak ramana nyaeta Haji Sirod, naon pangdamelan nana teh nyaeta ngadidik anak-anak Dini'ah – dibantun sina terangeun naon ari agama Islam teh – kaya ning nyerat-nyerat lapad-lapad (huruf-huruf) Al-Qur'an...naon lah kit we di antawisna pengetahuan-pengetahuan anu aya hubungan nana sareng agama Islam. Ngawitan anjen na (Pa Muttaqien)....malah tuh palih ditu Madrasah na oge anu ayena di anggo.. anu payuneun pa ma nu di anggo ku panti.

Duka sabaraha taun na anjen na kikituan teh di lembur, tanpa di gajih, istu swadaya anjen na pribados, mung perkawis bangunan tempat ngadidik anak-anak Dini'ah mah, leres hasil sawadaya masyarakat waktos harita rupina mah.

Nuju anjen na ngabina marulangkalih teh, Mang Aon rada hilap – naha anjen na teh tos lebet di Cilenga – atau....oh..atos. Janten anjen na teh sakola pendidikan di Cilenga, di Mat'ul Nazah, waktos harita anjen na mah kelas 3, ari abdi mah kelas 2, rerencangan anjen na seueur diantawisna – hampir tos seueur anu tos pupus, ari anu aya keneh panginten nyaeta saudara Muslih, Zaenal arif, Komar anu ti Leuwi sari mungkin parantos pupus, Hari ti Cipancur parantos pupus...saha deui nya...oh..Usman – Letnan Usman ti Rohdam parantos pupus, Taufiq Ali parantos pupus. Eta teh rerencangan Pa Muttaqien anu nuju calik dina meja belajar di Mat'ul Nazah.

Waktos harita nuju sibuk anjen na ngawulang didinya, sumping gerakan, anu gerakan di dinya waktos harita teh Nahdatul Ulama. Di Nahdatul Ulama teh aya hiji kapanduan anu jenengan nana Anshor – dugi ka dangeut aya oge masih namina Anshor, sareng hiji deui namina Atfal – adina Anshor, malah diantawisna sim kuring mah ka resep kalebet kana Atfal, waktu harita teh.

Anjen na (Pa Muttaqien) pribados anu mimpin na di dieu – mimpin Anshor, mimpin Atfal di lembur, malih diantawisna keur ngaramekeun kampung – supados di kampung aya kitu lah...meriah. Ulah ukur ngaos tapi sing aya...naon kitu raramean...mangrupi kasenian-kaenian, ngayakeun mubarozah di daerah Sindang Raja, anjena pribados anu mimpina oge waktos harita teh, malah waktos harita mah Pa Iping masih aya, malih Pa Iping, katingali ku abdi, ngintif ti katebihan – kumaha kalakuan Muttaqien mimpin Marulangkalih di Mubarozah – katingali sim abdi ti katebihan.

Tah ayeuna perkawis NU nuju mimpin birawa – waktos harita nya kadongkapan Muhammadiyah secara rerenceupan ti bumi ka bumi, Muhammadiyah ngalebetkeun ajaran-ajaran agama Allah. Nya ngaralih ti NU ka Muhammadiyah,... hapunten..ya..bilih tagtegtog..hapunten...yah. Gerakan Muhammadiyah majeng teras, du ka ngabuktoskeun ngayakeun perumatan (perumahan?) kanggo yatim anu tempatna di Ci Curug anu waktos hari dibina ku Pa Iping...mung aktivitas Pa Muttaqien di dinya abdi teu waktos terang.

Rame Muhammadiyah, parantos pajeng di urang (dilembur), kitu..lah alam waktos harita panginten, dongkap Revolusi, Jepang dongkap, waktos Jepang, abdi teu ngabandungan di mana ari Pa Muttaqien...teu terang ..tos sakitu we lah.

Jepang eleh – dongkap merdeka – nah ayeuna kumaha kadudukan pa Muttaqien di alam kamerdekaan. Moal samata-mata Pa Muttaqien dongkap ka Tasik....(kela nya).. dobrak Bandung sanes ku serangan Belanda – ngungsi Bandung – pendah ka Tasik, maklum waktu harita Pa Muttaqien parantos ngahiji sareng Pamarentah – sareng urang RRI – sareng ti pihak-pihak dewan pemerintahan, parantos Muholip nya anjen na teh di Tasik ngadegkeun gerakan-gerakan, anu disebat gerakan GPII, anu di dinya anjen na disareangan ku Profesor Rusyad Nurdin, wartawan ti Muhammadiyah Pa Kusnadi Jaya – duka aya keneh abdi teu terang – Abdul Hadi urang Tasik, walohu alam aya keneh duka tos teu aya.

Mung anjenana (Pa Muttaqien) mah tetap hiji senior anu paling terkemuka di Tasik, margi Tasik waktos harita, Tasik sanes disebat tasik, tapi Bandung, anu nyebatkeun na oge....di..sini..Radio Republik Indonesia Bandung.

Padahal di Tasik, kitu tah, Pa Muttaqien teh kantorna oge papayun-payun sareng RRI Bandung, pagedeng-gedeng sareng Masjid Agung, teras Pa Muttaqien aktif di PGII.

Teu kaluar mantenna ti perjuangan Islam, ngabela agama Allah, parantos kitu panginten sajarah serangan Walanda semakin ganas, Tasik dobrak duka naon eta mah masalah politik, abdi mah teu teranglah, bet urang Republik kedah pindah kantong di daerah Yogyakarta kitu we poma, duka teu terang politik abdi mah lah. Republik pindah ka Yogyakarta, Pa Muttaqien teu ngiring, di antawisna pamuda anu sok diangge ku anjeuna kanggo anter tinengen nya sim abdi sareng Mayor Mu'in aya weh di lembur teu kamana-kamana.

Kumaha pang na nyebatkeun Pa Muttaqien teu ngiring sareng tentara ka Yogyakarta. Serangan Walanda semakin gencar ka dieu nyalidik masih aya kakuatan TNI atanapi teu aya nya (punten abdi nyelap nya, antawisna pun Bapa oge hariwangeun... euy silain geura gancang ngungsi) keur mah ku pun Bapa dipiwarang ngungsi, ana jol teh aya serat ti Pa Muttaqien, abdi sareng Mu'in kedah dongkap, aya perlu, nya nyebatkeun anjennana hoyong anter ka Garut, dewek euy rek ngayakeun rapat DPD kitu saurna, margi di antawisna anggota-anggota pemerintah ti anggota DPD (naon atuh DPD teh naon atuh DPD) teu ngiring manusia-manusia anu berkualitas politis teu ngiring. Mung tentara wungkul anu ngiring teh, nya abdi ngiring nganter anjenana ka Garut sareng Mu'in tiluan, jalan lempang henteu ngangge kedaraan, bujeng-bujeng aya kandaraan atuh harita mah.

Anggoan oge la ila muhammadarosululloh gaduh hiji oge atos beunghar kitu, sumping ka Garut tos tong di bayangkeun diperjalanan mah sulitna nya, ari anjena mah ngabuntun pestol, duka pestol cap kuda panginten eta wae bilih aya naon-naon, daripada maot meren kumaha kajen teuing ngalawan heula rupina, ari abdi mah teu ngabuntun naon teu naon keun kumaha engke weh lah, bismillaah weh lah man.

Mios nya alhamdulillah pangaruh anjena sajajalan, wah itu Bapa Muttaqien, nu nawisna tuang mangga di emam nya seuseurna mah upami lapar aya kulub jagong, tos jag-jag mios deui, upami teu leupat kantos nginep di Banyu Resmi, Banyu resmi teh da hilap-hilap acan atuh ayeuna oge atuh.

Naek harita Pa Muttaqien, sareng abdi, saereng Abdul Mu'in teh di kadungora kana kareta api, kaleresan didinya teh, ujug-ujug aya saudara Kusnadi Jaya, nya waratawan ti muhammadiyah tea anu aya di Tasik, walah Pa Muttaqien, alah Kusnadi euy rek kamana, Bandung ceunah.

Alhamdulillah, ari didinya lalakon sa eutik artos sadayana ngabuntun ori, ari ori teh teu pajeng keudah uang merah, aduh kumaha ieu, untung gaduh kenalan di kadungora teh, malih nya dulur urang keneh Pa Euli, mama eyang Euli sangemkeun wae bade nukerkeun artos, menta di gentoskeun kana ori, ieu keur ongkos ka Bandung, alhamdulillah kengeng, teras naik kana kareta api janten opatan sareng Pa Kusnadi Jaya.

Dongkap weh lah ka Bandung atos, maklum tos di Bandung tos salamet sanes, Pa Muttaqien wilujeng abdi sareng Mu'in wilujeng, pisah muhun. Tah duka sepak terjang Pa Muttaqien waktos harita, ngan katinggal, pangna Pa Muttaqien masih tetep calik dina perjuangan, abdi teh harita aya anu ngajak di gawe di anu alim, nya calik weh di gudang tilas tekstil urang Tionghoa, gudang saageng-angeng hirup abdi gegeletekan sorangan didinya.

Nuju kinten sabaraha minggu didinya, sumping Pa Muttaqien, aeh...geuning anjen On cageur, alhamdulillah Pa Muttaqien sawangsulna..... cageur euy ceunah, ceunah akang rek ngawiat anggoan gaduhna anu yatim, alhamdulillah di waktos harita anggoan anu nujuh wah, saneh harga deui teu aya hargana weh, awening ku teu aya barangna oge, Pa Muttaqien nyarenkeun ka abdi, mihape nya nu yatim, mangga Pa Muttaqien, nya di antawisna anggoan teh aya anggoan tilas aya, anu weuteuh keneh seueur, sendal-sendal harita mah, upami ayeuna ma panginteun sendal naon anu manshur teh, harita mah sendal cap macan anu sararae, alhamdulillah Pa Muttaqien, yeh tah kitu diantawisna anu saketerang di sim abdi, pademalan Pa Muttaqien dina harti ngelola perjuangan dugi ka sumpingna ka Bandung,

Kalangkung saetik, eh eta teu acan kalangkung masih-masih teras, dukalah maklum lah jalmi balaga-digdeg sanes, perputaran politik abdi mah heunteu terang, rame weh lah aya Golkar, aya itu ieu sanes. Nya Pa Muttaqien sumping kadidieu, anjenana, dina masa-masa anu gawat kitu, ngadamel masjid ieu di Kampung Rawa, perletakan batu pertama di saksikeun ku saudara Ilyas Ruhiyat tos pupusnya, perletakan batu pertama ku Pa Muttaqien di dieu. Tah sakaterang abdi mah mung kitu wae

Mung abdi nerangkeun yen Muttaqien teh sanes hiji jalmi tukang dagang, ieu kango meser sakitu di ical sakitu sanes. Ari ibu-rama na mah reres di dieu tukang dagang, bari ngabina lembur teh ngadamel tareka, upami di lembur waktos harita mah di sebatna teh, ngadamel warung gowengan kitu, kaperluan rumah tangga pakampungan tah kitu, ari anjenana (Pa Muttaqien) heunteu mung anjena mah berjuang-berjuang-berjuang, (saeutik kalangkung).

Atos salamet abdi dongkap ka Garut (kalangkung deui yeuh balik deui) rapat DPD tea. Ari anu sumping dina rapat DPD teh, ti perwakilan urang Islam, ti PKI, ti PNI, ti Sosialis, sarumping teu acan aya Masumi teu acan. Ngan Pa Muttaqien akrabna dina ngalungguhan eta riungan akrabna sareng Pa Kartosuwiryo . .kunaon.... seuri heu-euh... Kartosuwiryo.

Diantawisna malih mah, ngenaan pribadi yeh ka abdi nya,Muttaqien itu....budak saha itu . . ka abdi..... budak abdi Pa (kata Pa Muttaqien), kadieu-kadieu jang ceuk Kartosuwiryo . . keun weh ah maklum lah abdi mah jalmi ah heuras ceuli mangga . . pa . . mangga sawios-sawios kitu.

Mung saparantos rapat DPD, Pa Kartosuwiryo ngadamel serat ka perwakilan ti umat Islam, ayeuna memang rapat parantos bubar ngan tidak di perkenankan untuk pulang masih ada yang harus di damaikeun kitu diantawisna.

Rapat DPD bubar, ari Pa Karto mah masih keneh aya gegelan bade ngayakeun deui rapat, anu di pimpin ku Kartosuwiryo, Pa Muttaqien malih paling di pikabutuh ku Pa Karto, ngalih weh tina tempat anu dianggo rapat, dinten juma'ah harita, duka tahun sabaraha tong naroslah hilap, abong atos kitu jalmi panginteun nya . nu hutbah teh sanes Kartosuwiryo . . Qien hutbah . . atuh Muttaqien anu janten hotib, yen nya maklum Pa Muttaqien tea atuh ari nyarios teh sanes upami bade ngabakar jalmi tea mah . . bakar, mung upami bade niiskeun, tiis kitu harita . . membakar semangat manusia-manusia anu pejuang didinya. Masjidna . . lah da dileuweung tempatna oge lewueng kaso-lewueng kaso acan, anu moal kadugi weh ku tentara Walanda teh atos. Masjidna oge tina . . masya Allah lah.

Singkat weh nya, ngayakeun rapat Pa Karto, maksadna teh . . ieu humor politik ieu .. Muttaqien ayeuna urang teh di daerah pakim, urang ngadagkeun negara Islam, tos weh sakitu sanes . . bubar weh tina rapat eta, tapi Pa Muttaqien mah wangsunla ka dieu wangsun ka Rawa, ari dongkap ka Rawa teh....duka tah pisah weh sareng abdi teh....duka kamana Pa Muttaqien. Abdi oge di Rawa teh tos gegelengsengan da sieun ku Walanda . . teras abdi ka Bandung mios teh, malah isin abdi mawa naon ka Bandung, moal di bejakeun era . . isin repeh moal-moal di wartoskeun, dongkap ka Bandung deui, teu acan tepang sareng Pa Muttaqien, kana naon Pa Muttaqien.

Nya tadi tea, oh Pa Muttaqien mah ningan dina perjuangan keneh . . anu ngawiatan eta tea . . kaliwat tadi sa-utrek kitu tah, nya malik maju-balik maju nya kitu tea we maklum.

Tetep Pa Muttaqien dina perjuangan, ngan abdi ku pihak dulur ka abdi silaing ulah kamana-mana, hayu urang jeung eumang di dieu, Pa Muttaqien mah tetep cicing dina gerakan GPII keneh, malih mah aya rencangna, saha anu pemuda anu tenar teh da Wan . . Wan kitu da tah namina teh, mung tidak setenar anjeunana kitu di kalangan masyarakat.

Kumaha atuh Cep mung sakitu emang teh . . anu sakaterang abdi teh, di lalangkungan bilih pajar ngabohong, alim di sebut al kazab abdi teh . . mangga mung sakitu, Wassalamu'alaikum wr.wb

5. *Carita Pa Iri Rahmana, ti Kampung Rawa*

PURULUK (NASINAT) PAMAN UNTUK KADES BARU

Jang Adang rawuh rombongan, langkung ti payun . langsung wae panginten, ngahaturkeun pribados nami Iri Rahmana, ngahaturkeun wilujeng sumping ka Jang Adang sareng rombongan, maksad anjenna, anu mulya silahturahmi, oge salasawios na parantos di uningakeun, anjena hoyong salasawiosna, silsilah sanes silsilah, upami di dieu mah Biografi na tuang rama na Jang Adang, Pa'Muttaqien.

Ari kangge sim kuring rupina, masalah ieu kirang pakto-paos, margi sim kuring terbatas ku usia panginten, mung diantawisna, wae wangkid sim kuring di janten ka desa kinten tahun '78, panginten sim kuring teh ka pilih ku masyarakat, 2 sasih ti wangkid harita tepang sareng anjenna (Pa Muttaqien), abdi nyuhunkeun saran kitu, saurna, mudah-mudahan alo sing kiat, sakitu wae, sakedik anjenna masihan saran ka abdi.

Saparantosna 2 tahun sim kuring berjalan da anjenna oge sering ka dieu mung tara lami, mung bade ngobrol teh mung waktos ka dieu anu terakhir mung aya 10 menitna kitu, Alo ceunah keun lah ceunah kurang leuwih saparapat jam naon obrolan teh ceunah kitu, cing teh Alo teh ieu teh 2 tahun Alo teh teu acan tiasa naonaon ieu teh mang kumaha nya lah karasa rada abot mayunan desa teh kitu . . mung aya ubar parulukna teh, waleran anjenna teh ah wayahna wae atuh ceunah da ari emang oge kudu mimpin urang Rawa mah teu sanggup, kajen keneh mimpin Jawa Barat, jeung kudu mimpin urang Rawa mah . . ceunah kitu obat parulukna teh kitu, janten ulah sok tina eta teh oh . .

Janten emang tos kitu, abdi mah komo panginten cing teh, wayahna ceunah kitu . . cobi-cobi wayahna.

Kinteun-kinteun parantos 3 tahun, pribados ku Bupati di desek ku masalah PBB, tepang sareng Pa muttaqien , PBB linggawangi teh kalintang mundurna menurut kecamatan leuwisari termasukna teh, Mang kumaha carana PBB teh kitu lah ceunah mani da wawuh sareng Bupati teh da emang teh ceunah kitu .ka ditu we ka Bandung ceunah kitu saur anjenana teh bisi keur nutupan anu kurang mah, nya pribados teh nepangan anjenna nuju rapat harita kantos, nya dipasihan kanggo nutupan PBB kitu, diantawisna kitu, ngan emutan teh naha nambut ah eta mah keur nambahnan nambahnan weh , tah kitu saurna teh.

Atuh salajengna panginten singkatna, anjenna sareng kaluarga sumping ka dieu (ka kampung Rawa) ningal kaayaan masjid, kalintang pikahatireunnana ku kakolotannana ieu masjid ti palih luhur tos reusak, anu katingal sareng kabandungan ku pribados, anjenna sareng ibu, sareng putra sering ka wetan ngaleut-ngengkeg teu terang bade kamana-mana na mah kitu anjenna teh ngan nguping wartosna anjenna nepangan kaluarga Pa Haikin-Ibu Onah ceunah kitu, mulih ti manangga, mulih ti

citerewes anjenna teh kitu, anu kasimpulannana terakhir ka kiping ieu Masjid ku anjenna bade di dangdosan saurna teh kitu, dengan aya persyaratan. . punten ieu masalah ieu sanes . . persyaratannana da upami tea mah, serang anu aya patali sareng masjid ieu di ical, pangenten waktos ayeuna berhutang ieu masjid kirang langkung 25 juta harita teh, moal dugi serang di ical di mana oge moal dugi ka sakitu waktos harita teh, mung ka kiping kasimpulannana . . serang panginten di ceupeng ku anjenna seolah-olah kitu, masjid bade di bangun ku anjenna kitu nguping masalahieu nya, pribados teh ningali seseratan, oh . . iya tos aya, ti Pa Ikin, ti istrina , Ibu Haji Onah ti saderek-saderekna deui kitu, yen kana kasimpulannana kitu, ya singkat na mah panginten sim kuring di panggih ka Bandung upami teu leupat mah nyumpingan Pa muttaqien (mang engkin) teh, yen artos kangge masjid parantos siap aya ditangan Emang, ngan moal di bikeun ka Alo ceunah na teh ka ditu teh, rek via Pa Bupati . . ngahargaan ka Bupati Hudli waktos harita . . memang teu nanaon ceunah kitu, engke mah ceunah tunggu-tunggu pangilan ti Pa hadli Sangemna teh kitu.

Saatosna kitu nya simkuring teh di panggil, sareng Pa Uhud, sareng Pa Arif manawi teu leupat mah ka ditu teh di panggil ka kabupaten, yen masjid di Rawa di cepeng ku Pa muttaqien saur Pa Hudli teh, ieu ceunah rek dibangun kueu masjid nu di Rawa teh ceunah kitu, muhun Pa . . Pa Bupati atuh kitu emutna teh kitu , kumaha sanggup ceunah nga golkarkeun ceunah kitu saurna teh, nya atuh berjuang mah sanggup atuh . . ah ceunah naon . . mana Rawa teh ka sekertaris teh, linggawanginya . . Linggawangi teh, oh . . tempat DI nya ceunah, dugi ka kitu Pa Bupati dugi ka kitu, moal-moal dibikeun duit teh ceunah kitu, na ceunah da aya wartosna ti bandung . heueuh . . ceunah kitu mun teu sanggup nga Golkarkeun moal kitu, Sangem cing teh Bapa insya Allah berjuang mah, mung hasilna mah walohualam kitu keun, keun heueuh atuh ari kitu mah atuh ceunah ku Bapa rek di kintunkeun keun engke, nungguan prosesna weh ceunah kitu sangemna teh.

Nya singkat-singkatna pamginten bantosa sumping utuh eta artos teh 25 juta tea, tapi dengan cara cicilan heuteu langsung. Nya anjenna panginten nunjuk pelaksana pembangunan eta mesjid, nyaeta ku Pa Haji Andi ti cicalengka, Alhamdulillah masjid ieu parantos dugi ka rengse panginten, ku margi waktos harita peresmian parantos rengse tea masjid nuju tahun 1985 meletusna gunung galunggung tea harita teh, galunggung terjadi masjid teu acan rengse . . ari alat-alat di candak ngungsi , malih ngagaduhan alat-alat listrik nyaeta dinamo oge dicandak kaditu margi pangaruh Galunggung tea.

Dianggo weh ieu masjid teh ku pengungsi didieu teh margi nu dihadap teu acan beres tea, panyumputan, harita teh. Da sim kuring enggal nyelesaikan kamana ieu lumpatna dinamo teh bilih kamana karep . . nya di susul . . ku Pa Haji Andi di amankeun di wakid harita teh.

Atuh saterasna panginteun rengse ieu msajid cariosna, kinten tahun 90an. Sanes teu emut kana perjuangan Pa Muttaqien kumaha biaya masjid, tiluhurna teh ku asbes tea janten resak seueur anu barocor-bocor nya panginten tatum 90an, gadanteng weh pemuda-pemuda anu di dieu antawisna, jang udin, lajeung pemuda anu ti Rawa, anu aya di Pa Lili sareng sajabina, panginten simkuring minang saraya ka anu aya di Bandung, kalayan kakompakan jeung panitia anu dibentuk di dieu Pa Momon sareng sajabina, masjid anu di dieu teh . . anu taen ku Pa muttaqien teh urang taen weh anu diluhurna atuh maenya rek dianteup mah da ieu leubar ceunah kitu. Nay alhamdulillah panginteun kapna digentos seperti ku genteng tea sakitu.

Rupina ka tahun sabaraha pa (Pa Muttaqien) teh nya pupusna teh harita tahun '85 sumuhun harita waktos Pa muttaqien terjadi masalah nya sim kuring oge memang ka Bandung dugi ka anjenna pupusna, sim kuring sasarengan sareng Pa Rusyad Nurdin malih harita di dinya teh, muhun ngarendeng, nya naros . . ari rayi teh timana sereng kumaha ...sareng Pa Muttaqien teh sami ti singaparna ...oh nya nuhun sangemna teh. Teras dugi ka ngawengi didinya panginten sim kuring teh, siang-siangna uwih heula ka kiara condong, lajeng kiring ka kuburan.

Rupina anu aya hubungan sareng Pa muttaqien sakitu singkatna mah, bilih tea mah aya kalangkungan kakiranganna mugi di hapunten, sok sanaoas ieu memang singkat, panginten mudah-mudahan ieu janten permasalahan anu kinten aya manfaat terutami kanggo keluarga, mudah-mudahan perjuangan anjenna ditampi ku Allah SWT, sakitu bae panginten rupina. Wassalamu'alaikum wr.wb.

+

6. Carita ti Pa'kuwu (Pa Elan) Kampung Rawa

SEJUK UPAMI NGADANGUKEUN CUMARIOSNA

Saleresna rupina pribados ngadongeng teh sa ayana, saterang pribados, terang ngawitan tahun '55 nuju pribados di panti asuhan tegalega, ngadangu aya nami Eyang Haji Birod ngantunkeun kapungkur nuju di Panti Asuhan, naging anjenna pun lanceuk ka pungkur pun lanceuk almarhum kantos ka tegalega. Tegalega teh kapungkur teh Panti Asuhan teh aya kolongan paranti maen bal bararudak leutik.

Salajengna tahun '55 aya rayina nyaeta almarhum pun bojo kapungkur, teu terang bade kitu, nanging nuju alitna teh panginten da silsilah di Rawa ceunah 4 tahun teh masih di aaits . . ah teterang kunaon eta mah panginten, tah eta dugikeun ka sakaterang kantos ka sirna raga ti payun tos lami, ningal oh leres didinya di kurebkeunnana kaleresan kamari waktos ngurebkeun ibuna murangkalih sagedengen nana kaleresan aya tanah anu kosong, alhamdulillah .

Saterasna panginteun pribados teh uninga tina rada ieu na teh hate pribados teh, kantos panginteun Ceuceu anu uninga tahun 60 panginteun nya Dang . . waktos papih aya kajadian panembakan Idul Adha, pribados teh dugikeun naha aya kajanteunan pun lanceuk di Bandung, tapi anu di tembak Presiden Soekarno di Jakarta, dugi keun Bi bandung . . saurna teh di rawatna kitu muhun.

Teras pun lancek di alihkeun ka Jakarta - di alihkeun deui ka Madiun dugi ka tahun '67, sareng da harita teh panginten kaleresan pribados tahun '67 sasih April teh nyaeta di masjid ieu, dongeng ngadahupkeun pribados sareng bibina Adang kaleresana harita emut, dugi keun istilah na mah anu hadir di dieu teh pinuh ku jalmi anu ti desa mana-mana aya, kapungkur panginteun ibu-ibu uninga panginteun eta mah.

Ari pribados mah panginteun, nuju resep ameng harita teh, sok ngiring voli ka ditu ka dieu dugi ka panangan peres ateul, dugi keun ka lembur Evi Tamala kapungkur resep voli, nah kapungkur teh resep kaditu-kadieu, ah da teu tiasa kumaha da pun lanceuk kitu kitu nya ah teu tiasa kulaha naging Allah rupina mah eta mah, dugi keun ka gaduh istilahna mah, gaduh putra opat. Dugi kamari ngantunkeun nana.

Salajengna, memang lah ku pribados kahartos, sadayana masyarakat sa Indonesia – teu terang sa dunia mah – ningali pun lanceuk pan istilahna di TV teh, sejuk upami ngadangukeun cumariosna, panginteun eta pribados teh – teu kiatna nya tidinya. Nya margi naon atuh, kumaha mun disebatkeun saur batur kitu – saur batu kieu, tapi

da memang kanyataan nana tos kitu – ka masyarakat cakeut kitu kieu teh, pribados sok janten emutan – hoyong kitu mantenna gaduh naon anu neuraskeun, boh wargi anu sapeurtos pun lancek kapungkur kitu.

Nya ayeuna kaleresan aya anu gentosna, teu terang Adang – teu terang Dudi, ngan kaleresan anu seuring khutbah kaditu-kadieu penginten Dudi. Tapi alhamdulillah sadayana oge putra-putrina tos istilahna mah tos sanes, naon lah tos katinggal lah kusadayana jararanten.

Da kamari kantos ngadongeng sareng Ceuceu, waktos bade kadieu, dinten Kemis teu anu teu janteun tea – abdi mah langsung kaditu ka Bandung, nepangan Ceuceu, da bongan kumahanya karunya tos sepuh, maenya kudu wae kadieu. Ah oleh-oleh di buka deui teras di bantung ka Bandung.

Mamih ieu geuning mamih teh, saur abdisaha....tos rempang-rempeng ka tinggalna teh....saha ieu teh...oh..nya..cenah..mang Elan tea, naha mang Elan, nah abeut kadieu aya naon...pan mamih kunaon beut ceu cios ka lembur Rawa tea...mamih teh enjing aya pangaosan didieu, janten teu cios.

Janten diditu oge di bumina mamih teh ngayakeun pangaosan dina dinten Sabtu (sami sareng di urang didieu dinten Sabtu), katinggakna nya pangaosan na teh enjing-enjing pinuh, da ningali korsi-korsi sakitu seueurna – janten tos biasa diditu oge di Bandung, nya peserta na teh sa entaragan mamih – sepuh-sepuh, sami sareng didieu panginten.

Salajengna pun lancek insya Allah da pribados naon ayana upami anjenna ka lembur kapungkur nyaeta nyumpingan ka Ema sok papadon ka prribados....Lan....kade Ema.....Ema teh tos sepuh, kieu, kieu, kieu sangemna teh, mangga urang sasarengan atuh kitu-kieuna mah. Sok ieu teh ka...saur pun lancek mah...Lan itu ka Ema keun...muhan...mangga...ku akang we nya da akang bade ka anu saurna teh.

Janten anjenna mah boh ka sepuh – ka masyarakat – tong boro ka sepuh, ka masyarakat sadayana oge, insya Allah lah pun lancek mah tos katinggal ku urang sadayana – tos katinggal kusadayana masyarakat – teu terang anu aya di lembur, teu terang anu aya di mana-mana. Nya karaos pisan istilah na waktos dina pribados nikah, asa isin pribados teh, waktos dibantun ku anjenna ka...Dang...di mana....Dang diieu teh...di mitra batik..mun teu lepat mah universitas naon kitu, kapungkur perguruan....Nya abdi teh dicandak kadinya....wa...lah teh siga aya naon....seueur bungkusan-bungkusan....sigana mah aya wartos bade nikahkeun....naha da eta mah... eh..tapi alahamdlillah kanggo pribados mah janten seueur oleh-oleh kitu. Nanging teuteup wae kitu da pun lancek atu diwartoskeun..cenah uwih nikahkeun harita teh, nya pribados teh nganuhunkeun.

Waktos di Bandung teh pribados kantos ngawulang kengen dua minggu-an, ngan nuju oge ngawulang didieu – teu tiasa ngalih ka Bandung ngawulang teh, margi sateuacan dua tahun ngabdi di lembur. Janten ngalih ti lembur ka Bandung teh kabur saleresna mah kirang langkung dua tahun setengah. Harita kantos.... Pa Oma pangnawiskeun lah abdi bade ngalih lah...leres nya Pa oma....kapungkur..hehe..asa gaduh dosa sareng perkawis pangnawiskeun. Da hari ari Pa Somad mah heunteu ngawidian wae, nya abdi teh ngalih ka Bandung.

Naa atuh sapantos kitunya kadangu ku pun lancek....nya abdi teh teu tiasa kumaha...cenah tos engke ku akang di alihkeun. Da ku akang kapungkur SK

pengangkatan pribados teh dicandakna teh, janten tos aya di pun lancek di Bandung kapungkur. Lan...cenah SK teh aya....sok ngajar...nya alhamdulillah harita teh kitu. Waktos harita sateuacan tepang sareng ibunya murangkalih, nya alhamdulilah diangken ku pribados sagala rupi kasaemannana – sanes pedah ka pun lancek almarhum. Sagala rupina oge tos ka nilai ku urang sadayana.

Ngan mudah-mudahan wae putra-putrinya sareng isterina anu masih jumeneng, nyaeta Ceuce, oge para putra-putrina sing salabar, sing tarawekal, sing saroleh-solehah, tapi da dinilai ku pribados mah sadayana putra-putrina, teu aya anu dugikeun ka heunteu janten – sadayana oge nya alhamdulillah tos tiasa ngabantos ka sepuh-sepuhna anu aya keneh kitu tah alhamdulillah – saurna teh dugikeun ka wangkid ayeuna alahamdulillah.

Mudah-mudahan wae dina cerita ieu – sejarah ieu, mudah-mudahan aya guna oge manfaatna ka urang sadayana, mungkin engke bade diterbitkeun mangrupaning salah sahiji buku biografi Pa Muttaqien – mungkin ku urang tiasa di jantenkeun, istilah na maha di jantenkeun kenang-kenangan, mudah-mudahan.

Janteun pribados sakaterang ngenaan perkawis pun lancek mah (Pa Muttaqien) tea ti ngawitan tahun 67, sok sanaos di tahun 55 terang nuju di Jalan Natawijaya keneh kapungkur di Bandung.

Rupina mah mung sakitu ti pribados, kirang sareng langkungna, hapunteun anu kasuhun. Billahi taufiq wal hidayah, wassalamu'alaikum wr. Wb

7. Cerita Ibu Hj. Entin Rohmatin

ALAJRIH DAN ARARISIN KU WIBAWA KHEZ. MUTTAQIEN

Langsung bae nya...Panginten Ibu teh ka Pa Muttaqien teh, kirang langkung sami sareng anu seueur, panginten pernah paman. Aya sakaterang sim kuring Mang engkin teh teu kinteun merhatoskeun nana kana kawargian, ka kaluargaan.

Hiji waktos tahun 78 awal, anjena teh angkat ka Mekah, teuras ngintun telepon ka pun bibi, kaleresan abdi teh waktos harita teh nuju aya di Mekah di tahun 78 masih keneh anon, yuswa abdi harita sekitar 30 tahun, upami ayeuna mah parantos yuswa 63 tahun langkung panginteun nya.

Tah wargi-wargi anu aya di Mekah teh, ka anjena teh sadayana ajrih ka Mang Engkin teh, sanaos wae anu aya di Indonesia kitu...muhan...dugikeun ka sagala rupi di persiapkan...bapa kita mau datang...atuh sagala rupi di gentos heula, sapertos sarung bantal, sarung korsi, ngagentos heula sepre, balanja ka pasar, bring sarerea sadayana wargi-wargi anu aya di Mekah.

Kaleresan waktos harita Ibu teh nuju umroh, kaleresan oge Mang Engkin angkat ka Mekah, nya nelepon anjena teh.....Aminah ka pun bibi teh.....Emang aya yeuh...cenah...nuju aya di saparoh Indonesia di KBRI....papagkeun.

Muhun mangga..cenah saur pun bibi bade kaditu, teras weh Ibu teh sareng pun bibi mapagkeun oge sareng sawargi-wargi, mun teu lepat mah opatan kitu nya. Ari pun bibi mah ayeuna tos almarhum, bi Aminah tos almarhum, bi Zenab tos almarhum.

Teras wae milarian Mang Engkin di saparoh Indonesia teh, keleresan anjena nuju aya di Pa Nazab urang padang harita teh.

Tah ibu oge waktos harita asa ka angkat, asa tersanjung da saumur dumelah ti kapung bau lisung kita nya muhan, teras harita clok aya di Mekah, di candak ka

saparoh Indonesia, bari sareng sasab-sasab wa, margi gedong-gedongna teh hampir sami sadayana anu aya didinya teh.

Teras anjena teh dugi kocap na mah ka Mekah kitu, ka Atibiyah mun teu leupat mah, dimana pun bibi calik kitu nya di Atibiyah Mekah, oge aya anu di Arisifah, oge aya anu di Uzun sareng nu sanes-sanesnya, di Nisfalalih da wargi-wargi eta teha. Tos lami di Mekah, anjena Mang Engkin teh leereus-leureus ke keluargaan na teh dianggo, kulemna oge teu di hotel, ngan kitu wae mapay-mapay di wargi-wargi.

Tah kenangan anu langkung antebna mah, waktos ngawurukan kasadayana wargi anu aya di Mekah, ...saurna teh...sok sanajak hideup di lalahirkeun di Mekah, ieu cenah rahmatin...mun ka Ibu lahir di Indonesia urang sunda, urang padang sapotong, ari pun aki mah panginten di pariaman kitu nya ti padang.....Aminah ulah asa jeung jiga...cenah...kitu...kieu...oge alo hideup...saranggeuy keneh jeung Emang...cenah kitu.....Tah ngan Emang teh hoyong ngajaran mondok di Gua Hiro...saurna teh kitu....mangga atuh ari bade nyobian kulem di Gua Hiro mah. Ti dinya teras wae dipersiapkan sagala rupi perbekalan nana ku sadayana wargi, teras dijajapkeun....ngan cenah saurna...lamun kira-kira sapoe-dua poe seep bekelna...Emang anteran deui saurna teh kitu. Asa emut kan kisah lakon Kangjeng Nabi Muhammad, waktos bade nampi wahyu...pan kitunya...ku Siti Khodijah oge sok dibekelan kitu. Dugi katilu dinten Emang Engkin teh aya di Gua Hiro, ari kaopat dinten na lep teu aya wartos teu nelepon anjenna teh, atu rewaseun sadayana wargi nu aya di Mekah teh, sok sieun kumaha, sok sieun kahausan, maklum harita mah masih di tahun 78 nan, teu paktos seueur nu barang icalan kitu didinya teh – teu acan aya anu icalan. Teras dipilarian mang Engkin teh kaditu-kadieu, heunteu kapendak anu di pilari teh, da kaleresan nu milari na teh putra pun bibi nya eta ku saderek Syauqih (ayena mah tos almarhum) Ahmad Syauqih anu janten guru matematika Sanawiyah, teras dipilarian oge ku saderek Fauzi sareng ku sababaraha jalni lah, saatos nu miliarian kaditu kadieu teh marulih deu kabumi, teras aranjenan nelepon....Pa Zaenal Muttaqien...tidak ketemu cenah kitu. Tah tidinya miliarian weh sadayana kitu tah. Alhamdulillah kapendak – ari kapendakna teh muhun anjena teh tos ka luar ti Gua Hiro na mah, nanging teu acan lungsur, rupina penginten palay eueut mani ngalehleh weh kitu muhun..pas nuju kapendak na teh. Tos kitu atug dipapagkeun atuh ku sadayana teh. Tah eta kenang-kenangan anu ka emut wae dugi ka ayeuna sareng Mang Engkin teh.

Terakhir panginten dina waktos minangki gupay panineungan, upami anjena angkat dongkap kadieu ka kampung Rawa Mang Engkin teh....ku Ibuna Eyang Iti sok ngawartosan...kadieu cenah...aya Emangna.....da ku eta ku ajrih tea...nya...asa sok isin...ararisin...upami bade nepangan teh, bilih wae pajarkeun bade nyuhunkeun oleh-oleh kitu, padahal sanes kitu...nya...muhan.

Tah dina terakhir waktos anjena dinten na bade kacilakaan, ari teh ngalangkung, ngelaksonan ka sim kuring, kaleresan nuju aya di luar Ibu teh nya, ngagugupay kitu....sok teuing hoyong ngudag ka Mang Engkin teh waktos harita...tapi cek teh sok ararisin...isin..dugi ka heunteu na nepangan.

Nya pendak-pendak, eta oge disareangan ku Eyang, ari singhoreng Mang Engkin teh tos parantos mapay-mapay wargi-wargina, malihan tos tuang heula sareng pais lauk cenah...saur Eyang Iti (ibuna)..siga nuraos sangem na teh. Teu kalangkung anu teu damang oge ku anjena ditepangan nyaeta ka Aki Husen....kasahanya...da aya tilu jalmina anu teu damang teh waktos harita anu di papay ku anjena teh.

Waktos kadieu na teh cenah....bari aya ieu titipan artos 35 rebu, waktos tahun 85 maha 35 rebu teha ka etang ageung keneh. Ieu cenah....Ema titip artos ka Entin, pang bikeunkeun ktuh ka guru-guru sakola agami..saurna teh cenah. Da eta we anu

ka emut wae teh waktos diditu di Muhammadiyah, janten jenengan Masjid sareng Diniyah yaeta Al Syirad Wal Arsyad. Ari nami Al Syirad mah nami ramana (ramana Pa Muttaqien), ari nami Wal Arsyad mah jalmi anu masihan tanahna kapungkur panginten kitu.

Kitu panginten kenangan anu nempel ka Ibu mah, sok sanaos anu aya di Indonesia – sok sanaos anu aya di Mekah, da muhun atuh cararaket sareng anjena nana teh – tapi da aya jarak kitu tah..nya, sok isin, ajrih ku ajnjena teh, padahal anjena mah teu kinteun bageurna. Sapertos upami kaleresan aya ti ditu pun paman Syeh Yasin, rayi na pun Bapa, upami bobona teh tra dimana-mana di bumina Pa Muttaqien wae anu di Jalan Adipati Kertabumi Bandung. Oge upami aya saha wae sapertos bi Aminah nuju ka Bandung, tara ka mana-mana, sumping na teh ka Jalan Adipati Kertabumi – upami ka Bandung teh. Oge kaleresan nuju ka Jakarta atu panginten sok di Hotel kaleresan nu urang padang di wargi-wargina.

Kantos pun paman mah Syeh Yasin mah kengeng penghargaan nuju Presiden Soeharto, nyaeta penghargaan mencerdaskan bangsa di luar negeri, margi anjena di ditu ngagaduhan lembaga pendidikan, ti ngawitan pendidika TK dugi ka perguruan tinggi di Arabna teh di Mekah, namina eta pendidikan teh nyaeta Darul Ulum di Sari Abdulhab, caketan Syiib Ali, tempatna waktos kapungkur Kangjeng Nabi Muhammad nuju di boikot te geuning ku urang kafir kurais, nyaeta caketan tempat Maulid Nabi we di dinya. Rupina eta ti Ibu mah, tamihan nana hapunten.

Tah ieu oge kantos waktos Ibu nangis di payuneun mang Engkin, waktos nagis teh waktos kapungkur anjena lungsur ti Madiun – meuni beugung salira anjena teh – atuh brul pada ngarrogrog ku sadayana. Janten waktos harita kantos di tahan di Madiun – nya anjena teh uwih heula ka bandung – tos ti Abndung nembe ka dieu ka lembur, margi urang dieu hoyong pendak, mun teu leupat mah harita teh tahun 67, atuh brul sadayana urang dieu teh nyumpingan anjena, pada ngadeugdeug ku urang dieu – atuh nararangis ka anjena teh kitu...muhan.

Tah Rama na sareng Ibu na – Eyang Iti teh kana hapalan-hapalan na teh kiat pisan teh, terutami kana nadom-nadom na, Rama na ngawulang ngaos, ari Ibu na sami ngawulang di sakola agama, waktos harita teh.

Ari jenengan Ibu na Pa Muttaqien mah nami na teh Ibu Siti Mahya. Upami jenengan Rama na mah nyaeta, namina teh Eyang Syirad.

Nu kalintang dugi ka ajrih na ka Mang Engkin teh, waktos pun adi kuliah di Unisba tahun 84/85, anu bungsu rayi Ibu, anu jenengannana Zulhaidir, SE, sarjana ekonomi na teh lulusan ti Unisba tahun 89. Padahal ka mang Engkin teh wargi nyaeta paman, keleresan waktos harita anjena janten Rektor Unisba, da teu kenaleun pun adi teh, da ku ajrih tea, ku nu sanes mah mang Engkin teh di angge nyaluuh – muntang tulung, upami kaleresan aya kamandegan kanggo mayar uang kuliah – SPP rada kitu teu mah...mun cing atuh kumaha upami ka mang Engkin...ah...cenah isin.

Janten pun adi mah kenal-kenal soteh sareng mang Engkin, panginten pi dua minggoneun deui bade pupus ka anjenana teh. Eta oge waktos pun adi janten Dewan Mahasiswa, dina waktos aya kegiatan di Ciburial nya nuju mimpin rapat, caket gedengeun Pa Muttaqien nya naros.....jang ti mana....abdi ti Tasik pa....Tasikna ti mana..... ti leuwisari pa.....ti leuwisari na ti mana....ti rawa pa....ari ti rawa na ti mana....ti kalieung pa.....har ti kalieung saha....abdi teh pa..rayina Ceu Euntin....aeh-aher naha atuh karek wawuh – naha atuh lain ti bareto bebeja ka Emang teh...cenah kitu saurna teh...nya atuh da isin kacida atuh. Ti harita weh ka pun adi sok naros-

naros keun kumaha-kumahan. Ngan dua minggonan di waktos harita, kabujeng mantenna Pa Muttaqien di pundut ku nu Kawasa.

Padahal saleresna na mah sadayana wargi-wargi sareng anjena teh teu aya jarak-angan mung...kumaha...nya alajrih we – ararisin ku wibawa anjena mang Engkin di waktos harita.

Mung sakitu ti cumarios Ibu mah, manawi janten nambihan pembendaharan carita ieu nuhun....hapunten kasadayana.

8. Sambutan Penutup H. Adang M.T. (Putrana Bapak KH. E.Z. Muttaqien)

Alhamdulillah ...eu...eu...ka para wargi sadayana...parantos maparin input sadayana kangge lajeungna penulisan buku biografi pun Bapa 85 tahun, mudah-muhan sasih juni – juli tos tiasa aya buku na insya Allah engke di ka dieukeun upama eta mah. Janten sejarah sareng makalah-makalah ti pun Bapa, makalah-makalah, boh makalah pendidikan, boh makalah sagala rupi aya, termasuk anu nuju siaran langsung di TVRI oge, rupina mah aya insya Allah.

Hatur nuhun pisan – hampunteun pisan parantos kaganggu acarana – pribados nyuhungkeun dihapunten margi langki kadieu, margi ti dangeut lulus SD abdi, pribados teras masantren, SMP – SMA di Jawa, diteuras ka Unpad, nya diteraskeun dugi ka dangeut ieu pribados aya di Unisba – di Yayasan Unisba saleureusna – hatur nuhu ka sadayana.oh muhun, perkawis pun biang.

Janten pun biang dugi kadangeut ayeuna aya, masih keuneuh, alhamdulillah di yuswa 82 tahun – ari pun Bapa upami aya penginteun yuswa 84 tahun – panginteun sareng Mang Aon sami lah sa yuswa, benteung sataun atanapi benten sababaraha sasih lah rupina mah.

Eu....eu..., putra pun biang janten aya 10 (sapuluh), abdi ka nomor 7. Janten aya sapuluh....kang Wowon...kang Ike..anu kamari di Tasika mah, teras teh Yayah...kang Mamat....teh Iva....teh Susi, abdi Adang...teras Dudi anu ka 8, anu kasalapanna mah Madia anu di Tasik di Tekom, ari anu kasipuluhna mah Zaki.. rupina mah bungsu. Sapuluh sadayana aya, putu rupina mah pun biang teh gaduh 48, janten upami maen bal mah aya 5 kasebelasan rupina mah tah..Upami ngeumpeul rupina ayena tos sadaya asa di Bandung, di Jawa Barat lah seuseueurna, tapi aya anu di Jepang sareng anu di Jerman...sarakola di ditu rupina mah, sa atos nikah aya oge anu dicandak, nya eta puta kang Mamat ka Australia – ayeuna teh aya di Australia. Insya Allah kahoyong mah ngeumpeul ka dieu sadaya ka Rawa kitu tah...rupina eungek saparantos janten buku ti Kang Hawe engke....nah urang kadieu....engke didideu bari urang ngabagikeun buku na. Rupina kitu.....hatur nuhun pisan...hapunten kasadaya....bilih aya kaleupan sagala rupi, insya Allah sanes waktos...teras da kahoyong mah engke ka dieu deui, bilih aya data-data anu kirang, kitu panginteun mang Aon nya, nyuhunkeun dibantos mang Aon, muhun hapunteun pisan. Wassalamu'alaikum wr. wb.

Tasikmalaya, Senin, 30 Maret 2009